



Pou Piblikasyon Imedya: 30/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A PANDAN PANDEMI COVID-19 LA

20 kòd postal pwen cho yo genyen 5,5 pousan pousantaj pozitif

Pozitivite nan tout eta a sof pou kòd postal zòn sansib yo se 0.82 pousan; 1.02 pousan avèk kòd postal zòn sansib yo ladan

DFS pwolonje règleman dijans ki egzije konpayi asirans yo anile depans ak lajan nan pòch pou sèvis sante mantal nan rezo a pou travayè esansyèl premye liy yo pandan COVID-19 la jiska 27 novanm

9 ka lanmò akòz COVID-19 nan Eta New York yè

SLA ak Fòs Entèkansyon Lapolis Eta a Vizite 1,114 Etablisman; Obsève 4 Etablisman ki Pa Konfòm

Konfime 1 000 ka kowonaviris adisyonèl nan Eta New York - sa ki fè kantite total nan tout Eta a rive 458,649; gen nouvo ka nan 49 Konte

Jodi a Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè Eta a pandan pandemi COVID-19 ki ankou a. Chif nouvo ka yo, pousantaj tès ki te pozitif yo ak anpil lòt pwen done itil yo toujou disponib nan [forward.ny.gov](https://www.forward.ny.gov).

"N ap fè fas ak sitiyasyon gwoupman an. Nan tan pase, nou te gen gwoupman ki sòti nan faktori, legliz, ba ak lòt lokal. Sonje nou te kòmanse nan New Rochelle, premye zòn sansib nan Etazini, ki te sòti kay yon moun ki te patisipe nan yon rasanbleman relijye ak answit yon maryaj. Epi, sa se te premye evènman sipè-pwopagatè, kidonk nou abitye ase ak sa, epi lè gen yon gwoupman, nou agresif anpil sou sa epi nou itilize anpil echantyon nan gwoupman yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou te deplwaye aparèy pou fè tès rapid. Kidonk, ou gen de to enfeksyon ke ou dwe pote atansyon ak yo: kantite nan tout eta a ak kantite pou gwoupman yo. Tout sa se yon gwo rapèl ki di nou dwe rete entèlijan ak vijilan - mete yon mask, kenbe distans sosyal, swiv direktiv sante piblik la - akòz bagay sa poko fini."

Eta New York kontinye swiv gwoupman yo avèk yon konsantrasyon espesyal sou 20 kòd postal prensipal yo kote te gen zòn sansib yo. Nan 20 kòd postal zòn sansib yo, to mwayen pou tès pozitif yo se 5.5 pousan. To pou tès pozitif yo pou rès Eta New York la, san konte 20 kòd postal prensipal yo se 0.82 pousan. To pou tès pozitif pou tout Eta

New York, ki gen ladan 20 kòd postal prensipal yo se 1.02 pousan. 20 kòd postal sa yo gen 23 pousan tout ka pozitif nan Eta New York yè, men reprezante sèlman 6 pousan popilasyon eta a.

Gouvènè a te note ke 20 kòd postal pou zòn sansib yo te rapòte yon to pozitivite ki se 5%. Zòn ki genyen pousantaj pozitif ki wo yo ap soumèt ak efò pou fè tès ki konsantre ki enkli aksè ak machin tès rapid. Kòd postal sa yo enkli:

REJYON	KONTE	KÒD POSTAL	% POZITIF	TÈS	POZITIF
Mid-Hudson	Rockland	10952	17%	200	34
Mid-Hudson	Rockland	10977	14%	350	50
NYC	Kings	11230	8%	342	29
NYC	Kings	11204	6%	223	13
NYC	Kings	11219	5%	260	12
NYC	Kings	11223	4%	253	11
NYC	Kings	11229	4%	286	11
NYC	Kings	11210	4%	182	7
NYC	Kings	11234	4%	279	10
NYC	Bronx	10465	4%	140	5
NYC	New York	10040	4%	198	7
Mid-Hudson	Orange	10950	3%	86	3
NYC	Queens	11374	3%	151	5
NYC	Richmond	10306	3%	152	5
NYC	Richmond	10304	3%	185	6
Long Island	Suffolk	11717	3%	125	4
Long Island	Nassau	11580	3%	138	4
NYC	Queens	11691	3%	255	7
Long Island	Suffolk	11746	3%	183	5
NYC	Bronx	10462	3%	266	7

Gouvènè a te anonse tou ke Depatman Sèvis Finansye Eta New York la pral pwolonje règleman dijans ki egzije nouvo konpayi asirans sante yo pou anile depans ak lajan nan pòch yo, ki gen ladan depans pataje, dediktib, ko-peman ak ko-asirans pou sèvis sante mantal nan rezo a pou travayè esansyèl premye liy New York yo pandan COVID-19 la jiska 27 novanm. Pwolongasyon règleman dijans lan ede asire ke depans pataje yo pa yon obstak pou sèvis sante mantal nan rezo a pandan COVID-19 la pou travayè swen sante yo, premye entèvenan yo, travayè transpò komen yo, travayè sèvis alimantè yo, travayè vant an detay nan biznis esansyèl yo, ak lòt anplwaye esansyèl nan premye liy, ki gen obligasyon pou entèraji dirèkteman ak piblik la pandan n ap travay nan ijans sante piblik kontinyèl sa a. Gouvènè Cuomo te premye anonse direktiv Eta a ki egzije konpayi asirans New York yo pou anile depans ki fèt ak kòb pòch pou sèvis sante mantal nan rezo a pou travayè esansyèl premye liy yo pandan COVID-19 nan mwa me a.

Yè, Otorite Alkòl Eta a (State Liquor Authority, SLA) ak Fòs Entèvansyon Lapolis Eta a (State Police Task Force) te vizite 1,114 etablisman nan Vil New York ak Long Island epi li te obsève 4 etablisman ki pa te an konfòmite avèk egzijans Eta a. Yon repatisyon nan vyolasyon yo obsève yè nan konte anba la a:

- **Brooklyn** - 1
- **Nassau** - 3

Enfòmasyon jodi a yo rezime an brèf anba la a:

- **Kantite Pasyan Ki Ospitalize** - 605 (+34)
- **Pasyan ki Fèk Entène nan Lopital** - 100
- **Lopital Konte yo** - 38
- **Kantite ICU** - 144 (-3)
- **Kantite ICU nan entibasyon** - 67 (+6)
- **Kantite Moun Total Yo Voye Lakay yo** - 76,754 (+63)
- **Kantite Lanmò** - 9
- **Kantite Lanmò Total** - 25,479

Sou 97,960 tès pozitif yo te repòte nan Eta New York yè yo, 1 000, oswa 1.02 pousan, te pozitif. Pousantaj rezilta tès pozitif chak rejyon ki repòte pandan twa dènye jou yo repati konsa:

REJYON	DIMANCH	LENDI	MADI
Capital Region	0.9%	0.9%	0.5%
Central New York	0.8%	1.7%	0.4%
Finger Lakes	0.6%	0.9%	0.3%
Long Island	1.2%	1.2%	1.3%
Mid-Hudson	3.1%	2.0%	2.4%
Mohawk Valley	1.2%	0.8%	0.3%
New York City	1.6%	1.3%	1.2%
North Country	0.4%	0.2%	0.2%
Southern Tier	3.6%	1.9%	0.6%
Western New York	0.9%	1.3%	1.1%

Pousantaj rezilta tès pozitif chak minisipalite nan Vil New York pandan twa dènye jou yo repati konsa:

MINISIPALITE	DIMANCH	LENDI	MADI
Bronx	1.0%	1.0%	1.1%
Brooklyn	2.6%	1.7%	1.8%
Manhattan	0.8%	0.7%	0.6%
Queens	1.6%	1.5%	1.2%
Staten Island	1.3%	1.6%	2.2%

Gouvènè a te konfime tou 1 000 lòt nouvo ka kowonaviris adisyonèl, sa ki bay yon total 458,649 ka ki konfime nan Eta New York. Nan total 458,649 moun ki te teste pozitif pou viris la, repatisyon jewografik yo se sa yo:

Konte	Total Pozitif	Nouvo Pozitif
Albany	3,120	4
Allegany	114	6
Broome	1,673	31
Cattaraugus	276	5
Cayuga	220	1
Chautauqua	590	5
Chemung	510	18
Chenango	253	2
Clinton	162	0
Columbia	595	3
Cortland	184	3
Delaware	136	0
Dutchess	5,137	7
Erie	11,500	55
Essex	169	1
Franklin	66	0
Fulton	339	0
Genesee	330	3
Greene	325	2
Hamilton	15	0
Herkimer	338	1
Jefferson	172	2
Lewis	50	0
Livingston	208	1
Madison	497	0
Monroe	6,085	11
Montgomery	235	1
Nassau	46,857	66
Niagara	1,788	5
NYC	244,041	446
Oneida	2,436	4
Onondaga	4,424	15
Ontario	475	0
Orange	12,143	21
Orleans	336	1
Oswego	503	4
Otsego	341	1
Putnam	1,617	5

Rensselaer	919	3
Rockland	15,452	110
Saratoga	1,066	6
Schenectady	1,410	5
Schoharie	85	0
Schuyler	43	0
Seneca	107	0
St. Lawrence	327	2
Steuben	453	3
Suffolk	46,517	53
Sullivan	1,604	4
Tioga	249	7
Tompkins	421	4
Ulster	2,280	8
Warren	391	5
Washington	302	1
Wayne	323	2
Westchester	38,239	57
Wyoming	137	0
Yates	64	0

Yè, te gen 9 ka lanmò akòz COVID-19 la nan Eta New York, sa ki mete total la ak 25,479. Repatisyon jewografik la se konsa, dapre konte rezidans:

Ka lanmò yo dapre konte rezidans	
Konte	Nouvo ka lanmò yo
Allegany	2
Chemung	1
Essex	1
Kings	2
Queens	2
Suffolk	1

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)